## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Нөкис қаласындағы айырым социаллық тараў объектлеринде оңлаў жумысларын алып барыў ушын қаржы ажыратыў ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 26-июльдеги 420-санлы Президиум қарарын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўы тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 26-июльдеги 420-санлы Президиум қарары басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги (М.Садиков) Нөкис қаласындағы 4-санлы қәнигелестирилген мектеп-интернатының қурылыс-оңлаў жумыслар ушын қосымшаға муўапық жойбар-смета ҳүжжетлери тийкарында талап етилген жәми 3 762 976 100 (үш миллиард жети жүз алпыс еки миллион тоғыз жүз жетпис алты мың бир жүз) сўм қаржыны Қарақалпақстан Республикасы республика бюджетиниң 2021-жыл II-шереги дәраматлар режесиниң артық орынланған бөлеги есабынан Министрлер Кеңесиниң бирден-бир буйыртпашы хызмети «Инжиниринг компаниясы»сына ажырататуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Министр орынбасары ўақтынша ўазыйпасын атқарыўшы, Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик бөлими (И.Балтабаев) ажыратылған қаржылардың мақсетли жумсалыўын қадағалаў ҳәм белгиленген қурылыс-оңлаў жумысларының сапалы әмелге асырылыўын тәмийинлеў;

усы қарар тийкарында ажыратылған қаржылардың мақсетке муўапық жумсалыўын қадағалаў ҳәм нәтийжеси бойынша министрликке мағлыўмат киритип барыў ўазыйпасы жүклетилсин.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары ўақтынша ўазыйпасын атқарыўшы, Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имәрат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик бөлими баслығы И.Балтабаевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «30» - Июль
181 - санлы